

KONSÉP RBD-FTBI

Basa daérah di Indonésia hirupna kaancam. Unggal sadasawarsa, aya baé basa daérah anu carem. Nepi ka taun 2020 kaidentifikasi masih aya 716 basa daerah nu masih hirup. Statusna rupa-rupa, méh carem, kaancam, aman.


Taun 2021 Muncul gagasan jeung program Revitalisasi Basa Daerah (RBD), keur nyalametkeun basa daérah anu kaancam “musna”.

RBD-FTBI geus lumangsung salila 5 taun (2021-2025). Taun 2026 téh program anu ka genep taunna. Pertanyaan reflektif: naha ieu program téh geus aya dampakna kana usaha révitalisasi basa daérah?

Badan Bahasa ngaluarkeun program RBD-FTBI maké 3 modél. Jawa Barat maké model A, sarta jadi pionir RBD-FTBI bareng jeung Jateng sarta Sulsel.

MODEL A: *Untuk situasi atau lingkungan kebahasaan dengan dominasi satu bahasa tertentu di dalam masyarakat tuturnya dengan pendekatan berbasis sekolah.*

Model A → diajarkeun di sakola, ngawengku 7 materi: ngadongéng, biantara, maca sajak, nulis jeung maca aksara Sunda, ngarang carpon, nembang pupuh, sarta ngabodor sorangan.



REFLEKSI:

RBD kudu dianggap penting sabab unggal basa daérah di Indonésia kahananana tacan tangtu aman. Kaasup basa Sunda anu ditilik tina jumlah panyaturna mah masih dikatégorikeun basa anu aman. Faktana, panyatur basa Sunda tuluy ngurangan.



RBD anu nempuh prosés nu bener kudu dijalankeun, lain ngan sakadar ngudag kajuaraan. Sabab faktana, barudak anu jadi djuara dina FTBI can tangtu mahér nyarita ku basa Sunda. Dongéng kudu diajarkeun ngaliwatan prosés diajar anu napak hasilana (*bermakna*).



RBD kudu ngahasilkeun sirung harepan Sunda anu boga pamahaman yén basa indungna keur ngalaman masalah. Ngajurung nonoman bisa ngaapresiasi basa indungna, sarta boga karep (*inisiatif*) ngolah basa indungna jadi alat anu produktif keur mekarkeun budaya.



Keur conto: tradisi ngadongéng! Baheula, dongéng Sunda jadi média anu éféktif keur nepikeun naséhat di lingkungan kulawarga jeung sakola. Tradisi ngadongéng ogé jadi média hiburan di média massa. Kiwari, dongéng ukur jadi “artéfak”, dianggap barang kuno anu kurang mangpaatna.



Dongéng kudu ngahudangkeun kasadaran barudak, pikeun mikapaham ajén-inajén kamanusaan. Leuwih jauh ti éta, bisa mekarkeun imajinasi barudak, sangkan alam pikiranana jembar, utamana patali jeung budayana pituin.



Dongéng bisa jadi média transformasi nilai atawa hiburan dina média anu anyar, luyu jeung kamajuan pajamanan. Hiji mangsa barudak Sunda bisa ngolah dongéng karuhunna, atawa nyiptakeun dongéng tina akar budayana, nepi ka jadi mangpaat dina nyanghareupan masalah hirupna.

KONSÉP NGADONGÉNG RBD-FTBI 2026

DONGÉNG MINANGKA TÉATER TUTUR

- Bagian tina tradisi bangsa
- Jadi média keur ngahibur atau nepikeun naséhat
- Henteu ngan sakadar nepikeun carita, tapi aya kamonésanana.
- Dipidangkeun dina “téater” atawa panggung.

Jadi pamarekan dina pasanggiri ngadongéng FTBI taun 2025-2026.



WUjudna:

- Ngadongéng minangka pintonan (*performance*).
- Mikabutuh téhnik jeung unsur seni anu ngawangun harmonisasi.
- Ngutamakeun kamampuan/kompeténsi individual.
- Dipeunteun sarta jadi bagian tina kompetisi.

KAMAMPUH NU DIPIHAREP



NU ALUS JEUNG NU KUDU DISINGKAHAN



Mawa dialék atawa gaya nyarita ti wewengkon séwang-séwangan.

Boga gaya sorangan, lain ukur tuturut munding kana youtube atawa nu keur viral. Kréatif!

Nyelapkeun mamanis basa, haleuang, kalawan merenah.

Mun perlu mawa properti tapi fungsional jeung éféktif.



Ulah sok ngabiasakeun nepikeun amanat moral bari éksplisit.

Loba gerak, loba gaya, cilingcingcat, nepi ka matak capé.

Singkahan gaya monolog dina téater, urang mah keur ngadongéng.

Ulah ngayayay lantaran hayang nyumponan wates waktu. Pondok ari nyogok mah apan alus.

TÉHNIK NGADONGÉNG

NGADONGÉNG

PINTONAN (PERFORMANCE)

MATAK RESEP MUN DILALAJUANAN/DIBANDUNGAN

Sacara téhnik deukeut-deukeut kana monolog, atawa maca sajak (déklamasi). Tapi, ngadongéng mah keur nepikeun carita, atawa medar lalakon, lain keur maén drama atawa keur maca sajak.

- Tehnik muncul kudu dipikiran sarta matak kataji.
- Tagog/rigig matak resep anu nempo, henteu kaku.
- Kostum/property jadi kamonésan.
- Sora (vocal), intonasi, témpo, jsb., matak dédengéun.
- Mun alus aya bungbu séjénna anu ngalantarankeun dongéng jadi nyari/jadi “hirup”.



- Mikabutuh skill/kamampuh panggung.
- Géstur diatur, Gerak ditata.
- Sora diolah. Vokal diasah.
- Éksprési nyari.
- Panggung diolah jadi ruang pintonan nu pikaresepeun.

Peran Guru/Pelatih:

- Mikapaham yén dongéng téh “pintonan” minangka bagian tina téater tutur.
- Ngalaksanakeun pangajaran dongéng nepi ka manggihan murid/siswa anu enya-nya boga anléh (bakat).
- Bisa ngayakeun seléksi atawa milih siswa/murid anu enya-nya bisa ngawakilan sakola.
- Dina milih siswa nyingkahan sikep pragmatis, upamana kudu ditimbang-timbang yén siswa téh mémang aya karesep kana nyarita basa Sunda.

- Boga daya juang pikeun meuseuh murid/siswa nepi ka jadi “juru dongéng” nu masagi.
- Ngalatih diri, ngolah kamampuh, boga “jam terbang” anu panjang, sarta getol ngulik improvisasi, wekel ngoréhan inovasi.
- Getol ngayakeun réfléksi pikeun mikapaham dinamika festival, mampuh maca situasi, atawa ngaévaluasi kakurangan jeung kaunggulan.

CONTO-CONTO NGADONGÉNG TI PARA KAMPIUN



PITUDUH TÉKNIS LOMBA NGADONGÉNG

- a) Konsep yang digunakan dalam pasanggiri ngadongéng adalah “dongeng sebagai teater tutur”. Konsep ini merupakan bagian dari upaya pemertahanan teater tutur tradisional yang banyak ditemukan di Nusantara.
- b) Peserta menggunakan pakaian adat, pakaian tradisional Jawa Barat, atau menyesuaikan dengan materi dongeng yang dibawakan.
- c) Peserta dibebaskan untuk memilih judul dongeng yang akan dilombakan berdasarkan hasil musyawarah di daerah masing-masing.
- d) Materi dongeng dapat diambil dari buku/dokumen yang sudah ada, dari penggalian kekayaan dongeng lokal yang menyebar secara lisan, atau dari hasil wawancara dengan maestro dongeng di daerah masing-masing.
- e) Materi dongeng yang dipilih harus memperhatikan konvensi cerita dongeng, bukan cerita pendek (carpon), kisah sehari-hari, atau cerita lucu (anekdot).
- f) Materi dongeng harus disesuaikan dengan usia psikologis anak atau mempertimbangkan fase perkembangan siswa dengan ketentuan sebagai berikut.
 1. Jenjang SD mengambil jenis dongeng fabel.
 2. Jenjang SMP mengambil jenis dongeng sasakala atau dongeng lain selain jenis fabel.
- g) Peserta boleh membawa properti sederhana, tetapi properti tidak menjadi unsur yang dinilai. Penggunaan properti hanya akan dinilai jika mendukung harmonisasi penampilan ngadongéng peserta.
- h) Jika dalam materi dongeng yang dipilih terdapat bagian yang harus dinyanyikan, peserta harus menyanyikan bagian tersebut dan menjadi bagian dari penilaian dewan juri.
- i) Durasi ngadongéng adalah 5—7 menit dan dewan juri berhak menghentikan penampilan peserta jika melebihi durasi yang ditentukan.
- j) Aspek penilaian lomba ngadongéng secara umum meliputi hal-hal sebagai berikut.

ASPÉK NU DIPEUNTEUN

No.	Aspek Penilaian	Indikator
1	Aspek Bahasa	- Pilihan kata (diksi) - Gaya bahasa (rakitan basa) - Kepaduan alur cerita dongeng Intonasi (lentong) dan pelafalan
2	Pemahaman Isi	- Penguasaan isi dongeng - Penghayatan dan penjiwaan
3	Aspek Penampilan (Ekspresi)	- Mimik dan gerak (gestur) - Gaya bercerita dan teknik vokal

Catetan Déwan Juri Ngadongéng
FTBI Tingkat Provinsi Jabar Taun 2025

1. Dongéng anu dipidangkeun umumna paranjang. Sigana ngapalkeun naskah anu mémang paranjang. Umumna mah ngudag waktu anu maksimal, nyaéta 7 menit. Padahal éta dongéng téh bisa dipondokkeun sarta bisa ngudag waktu anu minimal, 5 menit. Ku sabab kitu, budak anu ngadongéng téh henteu antaré, rusuh, siga diudag-udag naon boa da hayang nyumponan kana waktu.
2. Pasanggiri ngadongéng FTBI téh maké konsép téater tutur, nyaéta pidangan anu ngandelkeun “tuturan” atawa “cara ngadongéngkeun (bercerita)”. Ku sabab kitu geus diwanti-wanti ulah téatrikal teuing, ulah siga maén drama. Géstur, éksprési, jeung émosi diperlulekun dina ngadongéng, ngan ulah kaleuleuwihi siga keur maén drama (monolog) atawa déklamasi. Tapi dina prakna loba barudak anu ngadongéng masih néater, maén monolog, malah aya di antarana midangkeun éksprési atawa géstur anu teu ngadukung carita dongéng.
3. Aya nu mawa properti, tapi kurang dimaksimalkeun atawa kurang dioptimalkeun. Antukna jadi sakadar barang anu kurang fungsina dina nepikeun carita dongéng, atawa ukur ngalengkepan/ngailustrasian dongéng nu ditepikeun.
4. Lentong sok jadi padungdengan di antara girang pangajén. Ngan intina, girang pangajén ngahargaan jeung méré lolongkrang ka barudak anu ngadongéng ngagunakeun lentong daérahna séwang-séwangan. Tapi anu muncul, loba lentong anu aranéh, dialeu-aleu, atawa gogorowokan nepi ka sok jadi pertanyaan, ieu téh lentong ti mana?
5. Kecap-kecap kamalayan masih maruncul, atawa barudak (anu tangtu ti guruna) salah ngalarapkeun kecap basa Sunda. Upamana, nyebut “judul” dongéng téh ku kecap “jejer”.
6. Aya dongéng anu dipilih ku barudak karasa beurat atawa teh luyu jeung psikologis barudak SD atawa SMP. Contona dongéng “Taneuh Beureum” atawa “Ki Panji Boma” anu ngandung unsur “katelengesan” (kekerasan). Atawa dongéng “Bagus Rangin” anu saenyana sajarah, lain dongéng. Aya deui anu milih dongéng Si Kabayan anu saenyana mikabutuh kasurtian anu teh ilahar, filososfis, jeung teh bisa ditafsirkeun salancar. Sigana baé nu diudagna ukur raména, lain milih-milih eusina.
7. Dongéng bisa maké kawih téh aya dina juknis. Tapi aya patandang anu maksakeun teuing nyelapkeun kawih dina dongéng. Leuheung lamun ngahaleuangna alus, lebah anu teh nyangmbung, silung, atawa kawih/tembang anu euweuh hubunganana jeung eusi dongéng, jadi matak cawérang kana pidangan.